

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Prosés diajar-ngajar mangrupa kagiatan penting, sabab ngaliwatan prosés diajar siswa diperedih robah pangaweruhna, kaparigelanna, jeung sikepna kana kaayaan anu leuwih hadé. Lumangsungna prosés diajar-ngajar dipangaruhan ku strategi pangajaran anu mangrupa salah sahiji bagian tina komponén diajar-ngajar. Dina hakékatna komponen diajar-ngajar téh mangrupa pangaruh, bimbingan, arahan ti hiji jalma anu geus dewasa pikeun budak anu can déwasa supaya jadi déwasa, mandiri jeung miboga kapribadian anu hadé. Kapribadian anu dimaksud didinya nya éta sagala aspék anu geus aya di antarana cipta, rasa jeung karsana.

Pangajaran basa, hususna pangajaran basa sunda aya masalah dina nepikeun matéri. Salah sahiji masalahnya nya éta siswa kurang maham basa Sunda. Sabab éta basa téh jarang dipaké dina kahirupan sapopoé. Ieu hal ngabalukarkeun siswa hésé maham matéri nu ditepikeun ku guru. Masalah séjenna anu jadi pasualan nya éta: guru anu teu ngawasa kana matéri nu dipedar, sora guru anu kawatesan ngabalukarkeun siswa teu bisa nyangking matéri anu dipedar, sarta cara ngajar anu matak tunduh.

Di jaman anu kawilang geus maju, guru diperedih kudu bisa ngararancang jeung ngalaksanakeun kagiatan pangajaran nu bisa ngirut minat siswa kana diajar. Kaasup dijerona guru kudu bisa ngamanpaatkeun jeung nyiptakeun média pangajaran sarta ngagunakeun modél pangajaran anu meredih siswa sangkan aktif di kelas, luyu jeung pangajaran anu ditepikeun.

Modél pangajaran (*model of teaching*) nya éta rarancang dina nyusun kurikulum, ngatur matéri pangajaran, sarta méré gambaran pikeun guru dina *setting* pangajaran di kelas (Rahman, 2012, kc.1). Modél pangajaran basa teu bisa ngan saukur maké hiji modél, lantaran basa mah sipatna dinamis. Basa lain salaku élmu tapi salaku kaparigelan anu merlukeun modél pangajaran nu saluyu jeung bahan ajar. Dina proses diajar Basa Sunda ngawengku opat aspék kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Éta opat kaparigelan téh kacida pentingna jeung raket patalina antara kaparigelan hiji jeung anu liana.

Kaparigelan basa ngawengku dua beungkeutan nya éta; (1) basa lisan (2) basa tinulis. Unggal kaparigelan tèh merlukeun kamampuh nu mandiri. Kaparigelan maca jeung ngaregepkeun téh sipat na réséptif. Sedengkeun kaparigelan nyarita jeung nulis mah sipat na produktif. Nyarita tèh mangrupa proses komunikasi papada jalma ngaliwatan basa lisan pikeun ngèbrèhkeun atawa nepikeun informasi ti panyatur ka pangregep.

Dina opat kaparigelan diajar Basa Sunda aya dua kaparigelan anu siswana hese paham nya éta dina kaparigelan nyarita jeung nulis. Kamampuh nyarita dina pangajaran di sakola raket patalina jeung pangajaran Paguneman di kelas VII. Paguneman nya éta tanya-jawab antara dua jalma atau leuwih boh lisan boh tulisan dina kalimah langsung anu para palakuna silih tempas. Tujuan dina pangajaran Paguneman nya éta bisa nyarita kalawan lentong, volume sora jeung diksina anu jelas.

Pikeun ngungkuluan masalah anu dipedar di luhur, diperlukeun hiji modél pangajaran nu mampuh méré gambaran jeung ngalibatkeun siswa sacara leuwih aktif jeung kréatif, sarta bisa ngirut minat diajar siswa. Salah sahiji alternatifna nya éta ngagunakeun modél pangajaran *cooperative script*. Modél pangajaran *Cooperative Script* téh nya éta modél pangajaran anu ditepikeun ka siswa dimana siswa diperedih sangkan bisa gawé bareng jeung batur kelompokna dina ngagali hal-hal anu dipibanda atawa manggihan pangaweruh ti guruna sangkan maranéhna bisa silih lengkepan.

Panalungtikan nu geus aya ngeunaan *Cooperative Script* kiwari geus loba, boh anu mangrupa artikel boh tina hasil panalungtikan. Panalungtikan anu medar perkara modél *Cooperative Script* diantarana nya éta “Modél *Cooperative Script* dina Pangajaran Ngaregepkeun Dongéng (eksperimen Kuasi di Kelas VII-B SMPN 1 Cisompet Garut Tahun Ajaran 2012/2013) (Tresna, 2013)”.

Saperti panalungtikan anu disebutkeun di luhur, ieu panalungtikan gé sarua baris nalungtik modél *Cooperative Script* dina kamampuh paguneman. Panalungtikan anu di luhur ngangunakeun objek anu bédá. Sabab teu acan aya nu medar perkara kamampuh paguneman ngangunakeun modél *Cooperative Script*. Ku kituna perlu dilaksanakeun panalungtikan anu judulna “Modél Pangajaran

*Cooperative Script* dina Kamampuh Nyarita di Kelas VII A SMPN 1 Cangkuang Kab. Bandung Tahun Ajaran 2016/2017”.

## 1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan ngawengku dua kamampuh siswa dina pangajaran paguneman jeung modél *cooperative script*. Kamampuh nyarita ditilik dina dua aspék nya éta: kabasaan jeung non kabasaan. Aspék kabasaan ngawengku: lentong, diksi jeung volume sora; sedengkeun aspék nonkabasaan ngawengku: gerak jeung paroman, sarta kalancaran.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar idéntifikasi masalah ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu dihandap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa nyarita dina paguneman kelas VII A SMP Negeri 1 Cangkuang taun ajaran 2016/2017 saméméh maké modél pangajaran *Cooperative Script*?
- 2) Kumaha kamampuh siswa nyarita dina paguneman kelas VII A SMP Negeri 1 Cangkuang taun ajaran 2016/2017 sanggeus maké modél pangajaran *Cooperative Script*?
- 3) Naha aya bédana antara kamampuh siswa nyarita dina paguneman kelas VII A SMP Negeri 1 Cangkuang taun ajaran 2016/2017 saméméh jeung sanggeus maké modél pangajaran *Cooperative Script*?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Saperti anu geus dijéntrekeun dina kasang tukang masalah jeung rumusan masalah, sacara jéntré ieu panalungtikan mibanda dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Saluyu jeung rumusan masalah di luhur tujuan umum nu hayang nguji modé'l pangajaran *Cooperative Script* dina ngaronjatkeun kamampuh paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 1 Cangkuang Kab bandung Tahun Ajaran 2016/2017.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Luyu jeung masalah di luhur, tujuan husus ieu panalungtikan téh pikeun ngadéskripsiéun :

- 1) Kamampuh nyarita dina paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 1 Cangkuang taun ajaran 2016/2017 saméméh maké modé'l pangajaran *Cooperative Script*;
- 2) Kamampuh nyarita dina paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 1 Cangkuang taun ajaran 2016/2017 sabada maké modé'l pangajaran *Cooperative Script*; sarta
- 3) Aya bédana atawa henteuna antara kamampuh nyarita dina paguneman siswa kelas VII A SMP Negeri 1 Cangkuang taun ajaran 2016/2017 saméméh jeung sanggeus maké modé'l pangajaran *Cooperative Script*.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Salian miboga tujuan, ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat saperti mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis hasil panalungtikan dipiharep méré mangpaat sarta ngajembaran pangaweruh pikeun ngagunakeun modé'l pangajaran anu ngirut minat sarta luyu jeung bahan ajar.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep mere mangpaat pikeun guru, pikeun siswa, sarta pikeun panalungtik éta sorangan.

- 1) Pikeun guru, nya éta bisa jadi sawangan pikeun ngaronjatkeun kréatifitas dina ngagunakeun modé'l pangajaran.

- 2) Pikeun siswa, dipiharep bisa ngirut minatna pikeun diajar basa Sunda sarta bisa leuwih maham dina pangajaran anu ditepikeun.
- 3) Pikeun panalungtik, dipiharep bisa jadi sawangan pikeun ka hareupna dina diajar, sarta bisa jadi diajukeun pikeun panalungtikan satulunya anu relevan.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Eusi dina ieu skripsi ngawengku lima bab diantarana : bab I bubuka, bab II ulikan pustaka, raraga mikir jeung hipotésis, bab III métode panalungtikan, bab IV hasil panalungtikan, jeung bab V kacindekan, implikasi jeung rékomendasi

Dina bab I dipedar (1) kasang tukang masalah, (2) identifikasi jeung rumusan masalah, (3) tujuan panalungtikan, (4) mangpaat panalungtikan jeung (5) sistematika skripsi.

Dina bab II dipedar (1) ulikan pustaka,(2) raraga mikir, jeung (3) hipotésis. Dina ulikan pustaka dipedar ngeunaan model pangajaran, hakékat model pangajaran, model pangajaran kooperatif, modél pangajaran *cooperative script*, nyarita, pangajaran nyarita, paguneman, jeung modél pangajaran *cooperative script* dina pangajaran nyarita.

Dina bab III dipedar ngeunaan (1) desain panalungtikan, (2) sumber data, (3) instrumént panalungtikan, (4) prosedur panalungtikan, jeung (5) analisis data.

Dina bab IV dipedar ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran hasil panalungtikan.

Dina bab V dipedar ngeunaan (1) kacindekan, (2) implikasi jeung (3) rékomendasi anu dihasilkeun ku panalungtik minangka jawaban tina patalékan-patalékan panalungtik.